*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 39 (26012)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

**2024 азы 6 мартъи — тæргæйтты мæйы 6 бон, æртыццæг** Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

**2** ИРЫСТОН – ДАГЕСТАН *Аив дзырд — хæлардзинады хид*

**3** ÆХСÆНАД *Фыссынц “Рæстдзинад”-мæ*

**4** СПОРТИВОН ФИДИУÆГ *Ерыстæ хъæбысхæстæй*

**Фестиваль**

## Ирыстоны фæсивæд — Сочийы

**Ацы бонты горæт Сочийы, федералон ахуырадон центр ”Сириус”-ы йæ куыст кæны Фæсивæды дунеон фестиваль. Иннæ уæрæсейаг регионтæ æмæ бирæ фæсарæйнаг делегациты æмрæнхъ уыцы стыр æмбырды архайынц Цæгат Ирыстоны фæсивæды минæвæрттæ дæр. Знон форумы кадджын уазæг уыд РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО.**



Зындгонд куыд у, афтæмæй фестивалы мадзæлтты 1 мартъийæ 7 мартъийы онг архайдзысты 30 мин æрыгон адæймаджы æппæт уæрæсейаг регионтæ æмæ дунейы 188 бæстæйæ. Цæгат Ирыстонæй форумы архайынц 90 адæймаджы. Уыимæ, фестивалмæ сæрмагонд делегаци ссыд Хуссар Ирыстонæй дæр.

Знон фестивалы мадзæлттæ бабæрæг кодта Сергей Меняйло. РЦИ-Аланийы Сæргълæууæгæн боны дæргъы уыд цалдæр цымыдисаг фембæлды. Зæгъæм, Уæрæсейы Æфснайæн банчы сæрдар **Герман Грефимæ** Сергей Меняйло фæбæлвырд кодта республикæ æмæ амынд финансон структурæйы иумæйаг проектты уагæвæрдтæ. Республикæйы дарддæры райрæзтыл ныхас рауад æндæр федералон ведомствæты разамонджытимæ дæр.

Фæлæ, кæй зæгъын æй хъæуы, форумы сæйрагдæр фембæлдтытæ баст сты фæсивæды цардимæ, æрыгон фæлтæры тыхстаг фарстатæ æмæ хъæппæристимæ. Æппæт уыдæттыл Сергей Меняйлойæн цымыдисаг ныхас рауад Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны делегациты уæнгтимæ.

— Абон сæмбæлдтæн Сочимæ, цæмæй балæуон нæ фæсивæды фарсмæ, — йæ раныхасы бафиппайдта Сергей Меняйло. — Æхсызгон мын у, нæ республикæйы фæсивæд фестивалы æппæт мадзæлтты дæр зæрдиагæй кæй архайынц, сæ зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинад ирдæй кæй æвдисынц, уый.

Фембæлды архайджытæ бирæ фарстытæ радтой республикæйы разамонæгмæ, фæхæццæ йæм кодтой сæ хъæппæристæ æмæ фæндæттæ...

Уыцы бон Сергей Меняйло уæрæх интервью радта информацион агентад "ТАСС"-æн дæр.

Фæсивæды дунеон фестивалы фембæлдтыты тыххæй бæстондæр æрмæг кæсут газеты хæстæгдæр номырты.

**Нæ уацхæссæг**

**Советы æмбырдæй**

## Цæмæй адæмыхæттыты ’хсæн ахастдзинæдтæ нывыл уой

**Сергей МЕНЯЙЛОЙЫ разамындæй уыд РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы цур алы адæмыхæттытæ æмæ дины иугæндты минæвæртты ’хсæн ахастдзинæдты фарстаты фæдыл советы радон æмбырд. Фембæлды архайджытæ се ’ргом аздæхтой республикæйы цæрæг адæмтæ æмæ дины бынæттон иугæндты уæнгты ’хсæн нывыл ахастдзинæдтæ фидардæр кæнынымæ, стæй фæбæрæг кодтой хæстæгдæр рæстæджы архайды нысантæ.**

Æмбырды райдайæны Сергей Меняйло куыд бафиппайдта, афтæмæй ныртæккæйы уавæрты уæлдай ахсджиагдæр у алы адæмыхæттытæ æмæ дины организациты минæвæртты 'хсæн фидыд æмæ иудзинад хъахъхъæнын. Уыцы æууæл зæрдыл даргæйæ, аккаг ныххъуырд дæттын хъæуы знаггадхæссæг информацион æмæ идеологон архайдæн. Уыимæ, республикæйы Сæргълæууæджы ныхасмæ гæсгæ, уæлдай вазыгджындæр у Уæрæсейы Президент Владимир Путины фарсмæ балæууын, цæмæй æппæт тыхстаг фарстатæ дæр ахадгæдæр хуызы лыггонд цæуой.

— Æппæт уыцы фарстаты ахадындзинад дызæрдыггаг нæу — нæ паддзахады ныхмæ цæуы информацион хæст. Дарддæр архайд цæуы сæрмагонд æфсæддон операцийы нысантыл, дунейы бирæ бæстæты цард алы æппæрццæг фæзындтытæй зындæр æмæ карздæр кæны. Ахæм уавæрты, фыццаджы-фыццагдæр, махæн нæ сæйраг хæзна хъуамæ суа не 'хсæнады иудзинад. Æрæджы Президент Путин Федералон Æмбырдмæ йæ æрвылазон Ныстуаны цы ахсджиаг фарстатæ фæбæрæг кодта, уыдонæн сæ сæйрагдæр нысан у бæстæйы нывыл цард бахъахъхъæнын, дарддæры размæцыдæн ахадгæ уавæртæ саразын. Æппæт уыцы нысантыл мах хъæуы иумæйаг хъарутæй бакусын, — загъта Сергей Меняйло.

Боны фæткы фарстаты фæдыл доклад скодта Цæгат Ирыстоны национ политикæ æмæ æддагон бастдзинæдты министр **Бæгъиаты Алан**. Уый æмæ иннæ ведомствæтæ, стæй дины иугæндты минæвæрттæ бæлвырд фæндæттæ бахастой национ фидыд æмæ бæстæйы адæмты иудзинад фидардæр кæныны фæдыл.

**СЛАНТЫ Аслан**

**Дунеон равдыст**

## Амалхъомады бон — форум “Уæрæсе”-йы

**Мæскуыйы дарддæр йæ куыст кæны форум ”Уæрæсе”. Ацы бонты дунеон равдысты фæзуæттæ лæвæрд æрцыдысты бизнес æхсæнады минæвæрттæн — æппæт уæрæсейаг регионтæ дæр равдыстой се ‘нтыстдзинæдтæ амалхъомады къабазы. Уымæн сын фадат радта сæрмагонд тематикон Амалхъомады бон.**



Æппæт регионты экспозициты дæр равæрдтой чысыл æмæ рæстæмбис амалхъомады компаниты продукцийы хуызæгтæ, æвдыст сæ цыдысты цымыдисагдæр æмæ ахадгæдæр инвестицион проекттæ... Фембæлдтыты архайджытæ зонгæ кодтой кæрæдзийы куыстадон фæлтæрддзинадимæ, инновацион технологитимæ.

Амалхъомады бонмæ Цæгат Ирыстон дæр бацæттæ кодта цымыдисаг программæ. Зæгъæм, республикæйы экспозицийы уазджытæн равдыстой уæлæдарæс хуыйæг компанитæ "Aivad", "Z 'KOD" æмæ "Абат"-ы продукци. Æрмдæсны **Бзарты Аланæ** та адæмæн амыдта нымæт цæгъдыны куысты сусæгдзинæдтæ... Фысымтæ равдыстмæ æрбацæуæг адæмæн саразтой алыхуызон цымыдисаг викторинætæ æмæ бæстæзонæн ерыстæ — арæхстджындæр чи разынд, уыдонæн саккаг кодтой зæрдылдарæн лæвæрттæ. Нæ республикæйы экспозицийы арæзт æрцыдысты æндæр мастер-класстæ æмæ фембæлдтытæ дæр.

Адæмон кæфтыты мæскуыйаг ансамбль "Алания"-йы архайджытæ акодтой "Хонгæ кафт". Уыимæ, уазджытæн уыд ирон чъиритæ æмæ ирыстойнаг адджын дæттæй саходыны фадат.

Кæронбæттæны та нæ республикæйы экспозицийы арæхстджындæр æмæ сæрæндæр уазджытæ рамбылдтой æртæ туристон балцæджы Ирыстонмæ.

Амалхъомады боны программæйыл бакуыстой РЦИ-Аланийы Экономикон рæзты министрады, регионалон центр "Мæ бизнес" æмæ Равдыстытæ цæттæгæнæг республикон фонды минæвæрттæ.

Амалхъомады боны пленарон æмбырды архайдтой Уæрæсейы Хицауады Сæрдары фыццаг хæдивæг **Андрей Белоусов**, бæстæйы экономикон рæзты министр **Максим Решетников**, æндæр федералон министрадтæ æмæ ведомствæты бæрнон кусджытæ. Уыдон сæ раныхæсты фæбæрæг кодтой амалхъомадон компаниты архайды ахадындзинад, стæй æрлæууыдысты, къабазы дарддæры размæцыдæн паддзахадцы уæлæмхасæн закъонæвæрынадон æмæ финансон мадзæлттæ араздзæн, уыдæттыл.



Центр "Мæ бизнес"-ы минæвар **Тедеты Янæ** "Рæстдзинад"-æн куыд радзырдта, афтæмæй федералон ведомствæтæ æмæ бирæ уæрæсейаг регионты минæвæрттæ бабæрæг кодтой Цæгат Ирыстоны экспозици. Уым сын фысымтимæ рауад пайдайаг ныхас фидæны иумæйаг проекттыл.

**КАЛМАНТЫ Аслан**

**Национ проекты фæлгæты**

## Ног цæрæнуæттæм раивдзысты

**Фыццаградон национ проект ”Цæрæнуæттæ æмæ горæтаг алфамбылай”-ы уагæвæрдмæ гæсгæ Беслæны арæзт æрцыд 95-фатерон бирæуæладзыгон хæдзар. Уыцы хæдзармæ сæ раздæры кæлæддзаг бæстыхæйттæй раивдзысты 88 адæймаджы.**

Ног хæдзар арæзт æрцыд Фрийы-фырты уынджы. Рагагъоммæ куыд нысангонд уыд, афтæмæй ног хæдзары фатерты иу хайы хицæуттæ суыдзысты, ныронг Ленины, Интернационалон æмæ Заводы уынджы кæлæддзаг агъуыстыты чи цард, уыцы бинонтæ.

Уыимæ, ног фатертæ ныридæгæн сты æрцæрынæввонг. Уымæй уæлдай, подрядон организацийы минæвæрттæ бакуыстой хæдзары алыварс фæлгонцадыл дæр. Зæгъæм, кæрты фæзындысты хъазæн æмæ спортивон фæзтæ, стæй хæдтулгæтæн æрлæууæн бынæттæ...

Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæйы минæвары ныхасмæ гæсгæ, республикæ 2023 азы ахадгæ куыст бакодта адæмы кæлæддзаг хæдзæрттæй ног цæрæнуæттæм ивыны программæйыл. Æмткæй райсгæйæ, 2019 азæй нырмæ кæлæддзаг хæдзæрттæй ног цæрæнуæттæм раивтой 1,4 мин адæймагæй фылдæр.



## Дзырды фарн

*Адæймаджы зæрдæ мартъийы бонæй*
*уæлдай нæу – куы дзы хур фæкæсы,*
*куы та дзы къæвда вæййы.*

*ЕПХИТЫ Тæтæри*

Æмбырд

# Индустрийы рæзт

**РЦИ-Аланийы Сæргълæуuæг Сергей МЕНЯЙЛО ”Креативон индустрийы рæзты фонд”-ы фæлгæсæн советæн скодта æмбырд. Архайдтой дзы хицауады оргæнты минæвæрттæ.**



Креативон индустрийы рæзты концепци республикæйы фæзынд фарон мартъийы. Цæгат Кавказы федералон зылды гæххæтт фыццагдæр райстой Ирыстоны. Закъонæвæрынадон æмвæзады йæ сфидар кодтой, уый фæстæ фæзынд фонд дæр.

Йæ нысан у 2030 азмæ Цæгат Ирыстоны социалон-экономикон рæзты стратеги царды уадзынæн бæлвырд фадæттæ саразын. Фонд фæахъаз уыдзæн сфæлдыстадон индустри саразынæн, кусынæн, сæ фæрцы хъуамæ экономикæ æмæ социалон къабаз райрæзой. Креативон экономикæйы 16 рахæцæны нырмæ кусын райдыдтой.

Æмбырды куыд загътой, афтæмæй регионы фæтыхджындæр кæнынмæ хъавынц креативон амалхъомады архайд, культурон форумтæ аразын, Уæрæсейы æппæт субъекттимæ культурон бастдзинæдтæ сфидар кæнын.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæуuæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

Кæмæй у сæрыстыр Ирыстон

# Фæзминаг æфсымæртæ

**Горæтгæрон районы Октябрыхъæуы цæрæг ТУАТЫ Амалы фырт Хетæг æмæ Рахизфарсы районы Олгинскæйы хъæуæй ДЗÆХАТЫ Зауыры дыууæ фырты Сослан æмæ Вячеслав сты Украинæйы хæсты быдыры фыццаг бонтæй фæстæмæ лæгæвзарæн тохы.**



Æртæ лæппуйы дæр — æмхæрæфырттæ. Æрæджы цалдæр бонмæ сæфтыдысты Ирыстонмæ æмæ кæрæдзийыл тынг фæцин кодтой. Уæдæ хистæртæн дæр куыннæ уыд æхсызгон сæ хъæбулты фенд.

Æрыгон у Хетæг нырма, фæлæ йæм ис бирæ арфæйы гæххæттытæ, майдантæ æмæ "Лæгдзинады орден". Иннæ дыууæ æфсымæрмæ дæр ис сгуыхтдзинады тыххæй Хицауады арфæтæ æмæ майдантæ.

Хæхбæсты бæрзондыл бадæг дзуæрттæм кувынц æмæ курынц кæстæртæн цардамонд æмæ сабырдзинад сæ фыды хистæр хо Туаты Людæ, Хетæджы мад Туаты Зæлинæ æмæ Туаты Амал.

**БЫЗЫККАТЫ Земфирæ**

Æрæфы районæй

# Æхсызгон цау

**Æртæ боны дæргъы Лескены уæвгæйæ, Алагиры Цæгат Кавказы хъæды техникумы ахуыргæнæг, нæ республикæйы ахуырады сгуыхт кусæг æмæ Цæгат Ирыстоны дæсныдæр экскурсиамонæг Роальд КАУПУШ лескенаг сывæллæттæн амыдта уистæй чыргъæдтæ бийын.**



Фæстæдæр Роальд Каупуш сывæллæттæн, семæ кæсаг ахсынмæ ацæугæйæ, æрдз хъахъхъæныны темæйыл мидисджын хабæрттæ радзырдта.

— Сывæллæттæ амæй размæ дæр Лескенмæ цалдæр хатты æрбацæуæг Роальд Каупушмæ лæмбынæг байхъуыстой. Скъолайы ахуырдзаутæ æмæ рæвдауæндоны хъомылгæнинæгтимæ фембæлгæйæ, хъæуы уазæг сын йæ арæхстдзинæдтæ амыдта, стæй сын бæстæзонæн экскурситæ сарæзта, — загъта бынæттон администрацийы сæргълæуuæг **Бетрозты Вячеслав.**

Историйæ, экологи æмæ биологийæ хорз зонындзинæдтæ кæмæ ис, уыцы ахуыргæнæг мингай адæймæгтæн æрдз бауарзын кодта.

**ХУАСДЗАУТЫ Алинæ**

Бинонты аз

# Дзурынц хъомылады фарстатыл, хъусынц фæсивæдмæ дæр

**”Иры Стыр Ныхасы”-ы уыд сылгоймæгты комитеты уæрæхгонд æмбырд, æрныхас дзы кодтой ацы азы куысты нысантыл.**

Арфæйы ныхасæй æмбырд байгом кодта æхсæнадон организацийы сæрдар **Уататы Зелим.** Уый комитеты уæнгтæн сæ ахсджиаг куысты тыххæй бузныг загъта, фæнысан кодта, цæмæй фæсивæдицитæ бахъахъхъæныны фæрæз. Хуынд æм цæудзысты бирæсывæллонджын æмæ фæзминаг бинонтæ. Ныридæгæн ахæм мадзæлттæ сарæзтой Æрыдоны, Горæтгæрон æмæ Æрæфы районты. Патриотон куыст цæуы ахуыргæнæндæтты разамонджытимæ бадзырдты бындурыл.

Комитеты уæнгтæ бацархайдтой, цæмæй фембæлдтыты темæтæ уой бирæвæрсыг, фæсивæды зæрдæтæ æмæ зондахаст абон тынгдæр чи агайы, ахæм риссаг æмæ ахсджиаг фарстатыл.

Фæсивæд сты нæ фисæм фæсивæды хъуыдытæм дæр, æмæ сæ зондахастæй нæ зæрдæмæ нæ цæуынц, уый зæгъын мæ бон нæу", — бафиппайдта комитеты сæрдар **Махъоты Иринæ**.

Республикæйы алы районты дæр ис Ныхасты цур сылгоймæгты комитеты минæвæрттæ. **Калоты Эммæ, Касаты Жаннæ, Тетаты Джульетæ, Мæхъиты Хадизæ, Бæзиты Ларисæ, Дзобаты Аллæ, Хъуппеты Азæ, Сохиты Оксанæ** — ацы сылгоймæгты фæрцы районты æмæ хъæуты фæсивæд рохуаты не сты. Уæдæ ма сыл бафтыд ног уæнгтæ дæр: **Гæлæуты Анетæ, Кокайты Жаннæ, Гогаты Альбинæ, Джимиты Галинæ, Дзугкойты Зинæидæ**. Се'ппæт дæр бирæ азты баст сты ахуырады къабаз æмæ культурæимæ, зонынц рæзгæ фæлтæримæ куысты хицæндзинæдтæ, зæрдиагæй сæ фæнды фæсивæдимæ кусын æмæ сæ раст фæндагыл аразын.



дæн уарзын кæной мадæлон æвзаг, æмбарын сын кæной нæ рагфыдæлты æгъдæуттæ æмæ традицион культурæ. Республикæйы Сæргълæуuæг **Сергей Меняйлойы** номæй Кады гæххæттæй схорзæхджын кодта **Гуйты Светланæйы**, "ИСН"-ы бирæ азты сæрæн архайд æмæ национ традицитæ бахъахъхъæнынмæ цы æвæрæн бахаста, уый тыххæй.

Сылгоймæгты комитет ацы аз йæ куыстмæ бахаста Бинонты азимæ баст мадзæлттæ. Нысанмæ гæсгæ уыдзысты фæсивæдимæ фембæлдтытæ, ныхас кæндзысты бинонты тыххæй, куыд национ традиции Комитеты уæнгтæ сæрмагонд къамисимæ иумæ, бæрæг кæндзысты, царды уæззау уавæрты чи бахаудта, ахæм сывæллæтты. Раздæрау стыр æргом здахдзысты национ удварны хæзнатæ, мадæлон æвзаг æмæ фыдæлты зæхмæ уарзондзинады, патриотизмы фарстатæм.

Хорз рауадысты ивгъуыд азы куысты бæрæггæнæнтæ. Афæдзы дæргъы комитет сарæзта 50 фембæлды скъоладзаутимæ, астæуккаг æмæ уæлдæр профессионалон ахуыргæнæндæтты студенттимæ, æдæппæтæй дзы архайдта 2500 адæймаджы. Хъомыладондæн, сæ сомбон бæттынц нæ республикæимæ. Хистæрты фæнды семæ хæстæгдæр базонгæ уæвын, бамбарын сын сæ зондахаст, сæ цæстæнгас, нæ республикæйы цы цаутæ цæуы, уыдонмæ.

"Уыцы фæзилæнтæ хынцгæйæ, сбæлвырд кодтам нæ фембæлдтыты вазыгджындæр темæтæ. Ахсджиагыл банымадтам æгъдæутты хъомыс ныркконы дуджы, мад æмæ ирон сылгоймаджы фæлгонцтæ не'гъдау æмæ эмансипациимæ куыд фидауынц, æхсæнадон бынæтты хи дарын куыд хъæуы æмæ æндæр ахæм фарстатæ. Дзурæм патриотон хъомыладыл, хъусæм фæсивæды хъуы-

**МАМИАТЫ Лолитæ**

Туризм

# Нымæцон авналæнтæ

**Цæгат Ирыстоны Туризмы райрæзты фонд куыд хъусын кæны, афтæмæй бæлццæтты æргом нæ республикæмæ фылдæр раздахынæн фæахъаз уыдзæн операторы иртасæн лæггад ”Нымæцон туризм”.**

Фæстаг цалдæр азы дæргъы нæ республикæмæ цал туристы æрбацыд æмæ нæ регионы уазджытæ се 'ргом фылдæр цавæр объекттæм здахынц, уыдæттæ раиртасгæйæ, специалисттæ туризмы райрæзты гæнæнтæ сбæлвырд кæндзысты.

— Ивгъуыд азты статистикон бæрæггæнæнтæ нымайгæйæ, нæ фонды экспертæ æрбафтæг сæм хъусынгæнинæгтæ иртасынц. Ацы бæрæггæнæнты фæрцы ис нæ республикæйы уазджыты бæллицтæ рахатыны æмæ Цæгат Ирыстонмæ фидæны æрбацæуæг адæм се 'ргом фылдæр кæмæ здахдзысты, ахæм объекттæ бафиппайыны фадат, — зæгъы амынд фонды директор **Гæбæраты Алыксандр.**

Республикæйы уазджыты фылдæр хай се 'ргом аздахынц Дзæуджыхъæумæ. Республикæйы сæйраг горæтмæ æппæтæй фылдæр туристтæ æрбацæуы Дагестанæй, Стъараполы край æмæ Мæскуыйæ. Афæдзмæ бæстæйы 64 регионы минæвæрттæ Цæгат Ирыстон бабæрæг кодтой.

— Дæсгай уæрæсейаг регионтæ сервис "Нымæцон туризм"-æй парахатæй пайда кæнынц. Регионы бæллиццагдзинады къæпхæн кæй фæрцы фæуæлдæр уыдзæн, иртасынады руаджы æмгуыстгæнджытæ ахæм ахадгæ уынаффæтæ рахæссынц. Лæггад "Нымæцон туризм"-æй пайда кæныны фæрцы туристон къабазы куыст нывылгонд цæуы. Уымæй уæлдай, ацы лæггады руаджы нæ республикæйы уазджытæн цæрынады удæнцой уавæртæ арæзт æрцæуынц, — загъта компани "МегаФон"-ы цæгатирыстойнаг директор **Бесолты Ацæмæз**.




Райдиан бæрæггæнæнтæм гæсгæ, фарон нæ республикæмæ 'рбацæуæг туристты нымæц рауад 800 мин адæймаджы, ома, æндæразимæ абаргæйæ, 11 проценты фылдæр. Туристтæ нæм арæхдæр æрбацæуынц август æмæ сентябры. Нæ рес-

**Компани "МегаФон"-ы пресс-службæ**

Сфæлдыстадон бастдзинæдтæ

# Аив дзырд — хæлардзинады хид

**Республикæ Дагестаны сæйраг горæт Махачкалайы историон парк ”Мæ истори-Уæрæсе”-йы уыд Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы æмæ Дагестаны паддзахадон рауагъдæдтæ æмæ литературон журналтæ ”Мах дуг” æмæ ”Дагестан”-ы редакциты фембæлд. Архайдтой дзы дыууæ республикæйы Мыхуыры æмæ дзыллон коммуникациты комитеттæ, агентадты разамынд æмæ кусджытæ, республикон газеттæ æмæ журналтæ ”Рæстдзинад”-ы, ”Северная Осетия”-йы, ”Орленок Дагестана”, ”Женщины Дагестана” æмæ ”Литературный Дагестан”-ы разамынд æмæ кусджытæ, РЦИ-Алани æмæ Дагестаны республикæйы Фысджыты цæдисты уæнгтæ, сфæлдыстадон æмæ зонадон интеллигенцийы минæвæрттæ.**



Ацы фембæлд арæзт æрцыд сыхаг æфсымæрон республикæ æмæ Цæгат Ирыстоны номдзыд поэттæ Хетæгкаты Къоста, Эфенди Капиев æмæ Сулейман Стальскийы юбилейты кадæн. Фембæлды рæстæг сын се 'мдзæвгæтæ уырыссаг, лезгинаг, лекъаг, авайраг æмæ ирон æвзæгтыл аив бакастысты Дагестаны театрты актертæ, фысджытæ æмæ журналисттæ.

Зындгонд куыд у, афтæмæй фарон нæ бæстæйы адæмтæ æмæ литературон æхсæнад бæрæг кодтой номдзыд поэт Расул Гамзатовы райгуырдыл 100 азы сæххæсты юбилей. Йæ кадæн ирон литературон журнал "Мах дуг" йæ фароны номыртæй иу сарæзта Дагестаны ивгъуыд æмæ абоны цардыл дзурæг æрмæджытæй, сæ разагъды хъæбул Расулы цард æмæ бирæвæрсыг мидисджын уацтæ æмæ йæхи æмæ йæ номыл фыст æмдзæвгæтæ, мысинæгтæ æмæ къамтæй.

Литературон-публицистон журнал "Дагестан"-ы редакцита арфæйаг дзуаппы хуызы бацархайдта æмæ ацы азы журналы фыццаг номыр бацæттæ кодта нæ республикæйы истори æмæ культурæйыл дзурæг æрмæджытæй. Уымæй уæлдай ма дзы бакæсæн ис нæ литературæйы зиууæттæй Дзасохты Музафер, Агънаты Гæстæн, Мамыкъаты Хъазыбег, Къадзаты Станислав, Баситы Зæлинæ, Дудайты Чермен æмæ Касаты Аслæнбеджы поэтикон æмæ прозаикон уацмыстæ, интервьютæ УФ-йы адæмон артисткæ Гергиты Ларисæ æмæ журнал "Мах дуг"-ы сæйраг редактор Хетæгкаты Оксанæимæ. Ис дзы уац ирон адæмон скульптор Едзиты Сослæнбеджы цард æмæ аивадон хæдхуыз æрмдзæфы тыххæй.

Фембæлд-презентацийы фысымты номæй уазджытæн арфæ ракодта Дагестаны информаци æмæ мыхуыры агентады сæргълæуuæджы хæдивæг **Наидæ Магомедова**. Нæ республикæйы делегацийы номæй та дзы раныхас кодта æмæ РЦИ-Аланийы Мыхуыры æмæ дзыллон коммуникациты комитеты сæргълæуuæджы хæдивæг Габалты Мæдинæйы арфæйы адрис бакаст газет "Рæстдзинад"-ы сæйраг редактор **Фидараты Юрий**.

Журанал "Мах дуг"-ы историйыл мидисджын афæлгæст сарæзта йæ редакцийы хайады сæргълæуuæг **Тъехты Тамерлан**.

Дагестан æмæ Цæгат Ирыстоны зонадон æмæ аивадон интеллигенцийы æхсæн рагæй-æрæгмæ дæр сфæлдыстадон бастдзинæдтæ уыд, уыдон сног кæныны æмæ сæ дарддæр кад æмæ радимæ хæссыны тыххæй сæ хъуыдытæ загътой Уæрæсейы Фысджыты цæдисы Дагестаны хайады сæргълæуuæг **Миясат Муслимова**, рауагъдадон хæдзар "Дуг"-ы æххæстгæнæг директор **Хадижат Курахова**, журнал "Дагестан"-ы литературон редактор **Татьянæ Гамалей**, авайраг поэт **Магомед Насрулаев**, газет "Ракурс"-ы сæйраг редактор, тележурналист **Адурахман Юнусов**, археолог **Марьям Сагитова**, нывгæнджытæ **Апанди Магометов** æмæ **Закарья Закарьяев**, газет "Северная Осетия"-йы сæйраг редактор **Битарты Маринæ**, чиныгуадзæн "Ир"-ы директор **Таутиаты Олеся**, УФ-йы Фысджыты цæдисы уæнг, поэт **Касаты Батрадз**, æрыгон прозаик æмæ æхсæнадон архайæг **Касаты Аслæнбег**, поэт **Годжыцаты Георги**.

Дагестаны æмæ нæ республикæйы мыхуыры æмæ сфæлдыстадон цæдисты æмæ рауагъдæдты кусджытæ ма бæстон æрныхас кодтой дарддæры æмгуыстады нысантæ æмæ хъæппæристыл.

Фембæлд амыдтой журналтæ "Мах дуг" æмæ "Дагестан"-ы сæйраг редактортæ **Хетæгкаты Оксанæ** æмæ **Марат Гаджиев**.

**ГАСАНТЫ Валери**



# Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ

## Дæуæй хуыздæр æмбал мын нæй!

**Уæ бонтæ хорз, зынаргъ "Рæстдзинад"-ы кусджытæ! Мæ хъæстытæ та сымахæн ракæнон, æндæр цы. Æз дæн, хæсты сывæллæттæ кæй хонынц, уыдонæй. Мæ зæрдыл арæх æрлæууынц мæ сабибонтæ. Хæсты хабæрттæ нæ хъуыды кæнын, фæлæ уыцы азты фæстæ мæгуыр цард абон дæр ма мæ цæстытыл уайы. Нæ фыд хæстæй нал ссыд, æмæ уыцы мæгуыр рæстæг нæ мад тухæнтæй ме 'фсымæримæ мах фæхаста. Хæст куы райдыдта, уæд ме 'фсымæрыл цыдис дыууæ къуыриййы, мæ кæстæр уыдис, ægac нал у (рухсаг уæд). Нæ мад æхсæвæй-бонæй бырдыры куыста, мах та нæ фыдымады бар уыдыстæм. Хуыскъæл æмæ æнтыд, алыхуызон кæрдæджытæ уыдысты нæ хæринаг. Арахъхъаг-иу куы сфыхтой æмæ-**




**афтæ, уыдонæй-иу æй исчи оргæнтæм бахæццæ кодта, æмæ-иу Сыбыры бинаг бацис, фесæфт, йæ кой дæр-иу нал райхъуыст.**

**Зынгхос дæр кæм уыд ссарæн: арт кæнын дæ бахъуыд, уæд сыхæгтыл æрзил агуыридуримæ зынгтур, уæдæ иту æвæргæйæ дæр — афтæ. Фæлæ уæддæр адæм кæрæдзийы фылдæр уарзтой. Изæрыгæтты-иу куы иу хæдзары, куы иннæйы æрæмбырд сты æмæ, алы таурæгътæ æмæ хабæрттæм хъусгæйæ, сæхи ирхæфстой.**

**Куы фæхъомылдæр дæн, уæд нæ-иу рувынафон бырдырмæ æхсæвæдды акодтой. Куыд хъæлдзæг-иу уыдис, изæрыгæтты-иу хъазтизæртæ куы сарæзтам, уæд. Ныртæккæ зæрдиаг бахудгæ дæр никæйуал фендзынæ.**

**иу куы 'руазал, уæд ын-иу йæ сæртæ растыгътой æмæ йæ адджынæн хордтой. Закъон дæр уыдис тынг карз. Нæлгоймæгтæ-иу искуы куы бадтысты æмæ исчи исты фæрæдыдис хицауады ныхмæ, — дæ балгъитæг Скъоладзаутæ дæр куы фæцæйцæуой, уæд уыцы тарæрфыгæй сæ телефонтæм кæсдзысты, дæхи куы нæ хъахъхъæнай, уæд ма дæ къуыргæ дæр скæндзысты.**

### Мæгуыртæ æмæ хъæздгуытæ

Рацæй-рабон, æмæ цард дæлгом-уæлгом фæлдæхт фæцис. Адæм дыууæ дихы фесты — мæгуыртæ æмæ хъæздгуытæ. Хъæздгуытæй чи фæцарæхст, уыдон фæхæлоф кодтой, æмæ чи дукани байгом кодта, чи цы. Мæгуыртæ хъахъдзыхæй аззадысты. Акæсæм ма ныртæккæйы цардмæ: алцыдæр ис парахатæй уæййаг, фæлæ се 'ппæтæн сæ бон нæу, цы сæ хъæуы, уый балхæнын. Кæцæй райса мæгуыр лæг капекк, фæлæ уæддæр, Хуыцауæн табу, алчидæр цыдæр амæлттæ кæны. Кусæндæттæ нал ис, чи кусы, уыдон дæр цавæр мыздтæ исынц, уымæ ма 'ркæсæм, куыд ис уыцы капеччытæй цæрæн? Уымæй ацы коммуналон лæггæдты хæрдмæ згъорд та диссаг у. Нæ хицауадмæ ма хорздзинадæй уый ис, æмæ нын пенситæ кæй фиды, фæлæ уыдонæй дæр алы мæйы хъалонтæ куы бафидай, уæд ма дæм дзы цы аззайдзæн...

### "Джызæл ницы хъуаг у"

Сахармæ хæстæг уæвгæйæ, Джызæлæй æдзæллагдæр хъæу нæй. Ацы фарста радтой Сергей Меняйломæ. Уый йæ арвыста нæ районы хицауадмæ, æмæ уыдон дзуапп радтой: "Джызæл æппындæр ницы хъуаг у, алцыдæр дзы ис". Афтæмæй та цы? Цæвиттон, канализаци дзы ис, æви йæ уынгтæ асфальтæй цæхæр калынц? Уынгты талынгæй ацæуæн куы нæ ис æхсæвыгон, чидæртæ сæхи хъæппæрисæй сæ дуæрттæм сæхæдæг сауыгъътой цырæгътæ, чи йæ КамАЗ-æн тæрсы, чи цæмæн. Æгæр мæгуыр зæрæдтæ сæхи кæм аирхæфсой, уый дæр дзы куы нæ ис.

### "Хæсты сывæллæттæ"

Æнæ зæгъгæ нæй хæсты сывæллæтты тыххæй дæр. Алы бон кæнынц, хæсты азарæй чи фесæфт, уыдоны кой. Фæлæ сын сæ сывæллæтты иу капеккæй барæвдауой, уымæй Хуыцау бахизæд. Уыдон ныр сывæллæттæ нæ, фæлæ бабатæ æмæ нанатæ сты. Алы бон миллиардтæ куы ракал-бакал кæнынц, уæд сын иу хатт уæд та сæ зæрдæ балхæн. Æдзух афтæ куы дзурынц: "Никто не забыт, ничто не забыто". Хæсты чи фесæфт, уыдоны кой куы



ракæнынц, уæд сын сæ сывæллæттæй нæ фефсæрмы кæнынц, цымæ?..

Хæстæй чи ссыд, уыдон сæ сывæллæтты дæр фæхастой (æгайтма) абоны онг, диссаджы лæггæдтæй пайда кæнынц æмæ, дам, дзы чидæртæ сылгоймаджы дзаумæтты хъæды рамбæхс-бамбæхс кодта. Мæ фыдымад сæ-иу дзырдта, æмæ сæ уымæй хъуыстон.

### Адæмы хорздзинадыл тыхстысты

Æнæ зæгъгæ нæй, раджы нæм цы хорз адæмтæ цардис, уыдоны тыххæй. Дойаты Хъазыбег куыд диссаджы адæймаг уыдис, куыд тыхстис адæмы хорздзинадыл! Уыдис нæ хъæуыхицау. Араст-иу уынгты фистæгæй, йæ хъус дардта сыгъдæгдзинадмæ. Уыдис домаг æмæ рæстзæрдæ. Адæм ма йæ абон дæр мысынц.

Уæдæ не скъолайы директор Дегъуаты Валодя. Алы райсом дæр-иу асинтыл слæууыд æмæ-иу алы скъоладзауæн дæр салам лæвæрдта. Уыдис историйы ахуыргæнæг, æмæ ууыл дæ зæрдæ ма бадар æмæ иннæ урокмæ ног æрмæг ма сахуыр кæн, — уайтагъд дæм-иу фарста авæрттаид. Ахуыргæнæгæй, скъоладзауæй уыдысты æгъдауджын. Фæстагмæ куыста директорæй Дзæуджыхъæуы 38-æм скъолайы. Мæнмæ афтæ кæсы, æмæ ахæм адæймæгтæ сæдæ азы иу хатт райгуырынц. Уый фæстæ дзы чи куыста директортæй, уыдон дæр цауддæр нæ уыдысты, фæлæ æз Валодяйы рæстæг ахуыр кодтон æмæ уый хуыздæр зонын. Дойаты Эврик бирæ фæфыдæбон кодта скъолайы хорздзинадæн, бацархайдта, цæмæй скъоладзаутæ цæуой ис сменæйы. Уæдæ нæ диссаджы ахуыргæнджытæ: Гуыдиаты Бухар, Керым, Алыкси, Уыртаты Махарбег — сахарæй цыдис куыстмæ, Сланты Сослан, Дойаты Васо, Наталья, Пхалæгаты Хазба, — лæвæрдта нын психологи, йæ уроктæм ын хъусынæй не 'фсæстыстæм. Кæй кой ракодтон, уыдонæй абон æгас ничиуал у, рухсаг уæнт, дзæнæты бадæнт. Къубалты Шурæйы тыххæй мæ фæнды сæрмагондæй зæгъын, абон дæр цардæгас у, бирæ азты ма дзæбæхæй фæцæрæд, лæвæрдта уырыссаг æвзаг æмæ литературæ. Уый хъæрæй дæр никуы никæмæ сдзырдта, афтæмæй йæ урочы быдзы базырты хъæр дæр фехъуыстаис, уыдис мæ уарзон ахуыргæнæг.

Куыд нæ зæгъон Отараты Ибырхины тыххæй дæр, уыдис дохтыр. Ныртæккæ фистæгæй иу къахдзæф дæр ничи кæны, фæлæ-иу уый, йæ хызын йæ къухы, афтæмæй, Джызæлы мидæг цы рынчыны уæлхъус нæ балæууыд, ахæм нæ уыд. Йæ чызг абон дæр кусы Медакадемийы, туг хæссы, æвæццæгæн.

Нæ хъæуы, Джызæлы, амбулаторийы сæйраг дохтырæй фæкуыста Тлатты Тугъан, йæхицæй зонддждындæр æмæ адæмуарзондæр нæ уыд. Куысты-иу куы фæзынд, уæд-иу адæм йæ фæстæ ныххал сты. Уый кусджытæй кæйдæрты зæрдæмæ нæ цыд æмæ йæ уайтагъд "ахордтой".

### Бастдзинады хайад æви дукани?

Нæ постхæсджыты тыххæй дæр куыннæ зæгъон, æнæуи дæр сын мæлæты мызд нæ фыстой æмæ ма сын æй ныр æмбис къаддæр фæкодтой, куыст та — фылдæр, ноджы ма сын цыдæр æнæбайрайгæ товартæ се 'ккойы скодтой, æмæ сæ, æфсæрмытæгæнгæ, пенсиисджытæн тыхуæй кæнынц. Чи кусы ахæм капеччытыл? Иугай-дыгай сæ куыстæй лидзынц, æмæ постхæсджытæ куы нал уа, уæд ма газет дæр чи рафысдзæн? Алы бон чи цæуы бастдзинады хайадмæ газеты тыххæй? Уæйгæнæг у æви постхæссæг, уый бæрæг нал у.

Æмæ, дам, адæм сæ цæхæра-




дæтты нал кусынц. Куыд дзы кусой: цыфæнды куыст дæр дзы бакæн, фæлæ фæззæджы мидæмæ цы 'рбахæсдзынæ, уымæ дæр акæс — ницытæ æмæ мацытæ. Æгæр-мæгуыр дзы цæхæрагæрдæг дæр нал зайы. Дынджыр цæхæрадоны бакусæм æмæ дзы фæззæджы мæнг цыдæртæ æрбахæссæм. Æвæццæгæн, адæм куыд ивынц, æрдз дæр афтæ ивы æмæ рæвдауы.

Уæдæ базары амæй-ай хуыздæр халсартæ æмæ дыргътæ куыд уæй кæнынц. Ай-гъайдæр, алыхуызон химикаттæй сæ ныддымсынц, уыдон та сты цæттæ низы фаг, æмæ адæм алыхуызон æнахуыр низтæй цагъды кæнынц.

### Телеуынынады тыххæй

Райсæм-ма, нæ телеуынынады цытæ æвдисынц: гуыпп, гæрах, хæлддзинад. Æргом æнæуаг митæм ардауынц фæсивæды, æппындæр нæм æмбæхстæй куы ницыуал ис.

"Рæстдзинад", мæ хъæстытæ æмæ дын мæ мæстытæ фæкодтон, дæуæй хуыздæр æмбал мын нæй.

**ХОСРОТЫ Заремæ,**
**пенсиисæг,**
**фæллойы ветеран,**
**Джызæл**

## Фæнды нæ ногдзинад фенын

**Тынг лæмбынæг байхъуыстон Уæрæсейы Президент Владимир Путины ныстуанмæ. Куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй æппæт бæстæйы дæр сæдæгай ног заводтæ æмæ фабриктæ байгом кодтой.**

**Махæн дæр бæргæ æвæрдтой зæрдæ фармацевтон завод байгом кæнынæй, суанг ма йын йæ бынат дæр бацамыдтой: Майрæмададжы, дам, фæзындзæн. Фæлæ йын цæмæндæр йæ аразын æмæ байгом кæныны æмгъуыд аргъæвтой. Махмæ иунæг ног**



**завод дæр куы нæма фæзынд, уæд кæм сты ногарæзт заводтæ æмæ фабриктæ?**

**Уый хуымæтæг фарста нæу, адæймаджы фæнды исты ногдзинад фенын...**

**ЦЪÆХОЙТЫ Авдаке,**
**Дзæуджыхъæуы цæрæг**

## Уæлдай процентгæ цæмæн фидæм?




***Цæрæнуæттыкоммуналон хæдзарады лæггæдтæн фидыны рæстæг посты бастдзинад æхцайы 4 проценты сисы йæхи пайдайæн. Уымæ гæсгæ алы хатт дæр фæархайын, цæмæй сæ бынаты бафидон. Цæрын Рахизфарсы районы, Беслæны. "Водоканал"-æн, электрон тых æмæ газы хæдзарæдтæн, стæй бырæтты тыххæй уым фæфидын.***

***Кусгæ кæнын Дзæуджыхъæуы æмæ мæ бахъæуы мæхи рагацау ракурын. Зæгъæм, сабат æмæ хуыцаубоны уыцы хæдзарæдты иунæг кусæг дæр нæ вæййы. Цæуылнæ ис сабаты адæймаджы сбадын кæнын, æмæ фиддонтæ иса. Алы хæдзарад дæр хъуамæ уыдæттыл ахъуыды кæна. Адæймаг æнæуи дæр йæ къухтæм æмхасæнтæ кæны æмæ ма уæлдай процентгæ фид постæн, уый уæм куыд кæсы?***

**ЗÆГÆЛТЫ Нателлæ,**
**Беслæны цæрæг**



## Мæ хъуыдытæ хæссын уæ размæ...

**Ахъуыды кæн, уæд мах, ирон адæм, хъуыстгонд нарты фæдонтæ стæм. Нæ рагфыдæлтæм, нартмæ, ахуыргонддзинад нæ уыд, фæлæ уыдысты зондæй æххæст, хъаруйæ — тыхджын. Æмвæнд, æмзондæй архайдтой. Цас хъæбатыртимæ базонгæ стæм, Нарты кадджытæ кæсгæйæ: Батрадз, Уырызмæг, Ацæмæз, Сослан...**

Нарты фæдонтæ кæй стæм, уымæй нæ алчидæр хъуамæ сæрыстыр уа. Мах та цытæ хъусæм? Иронау дзурын сæ сæрмæ бирæтæ нал хæссынц. Уæ хорзæхæй, уагæры, дам, нын нæ фыдæлтæй цы баззад, кæд, дам, нын, мыййаг, Ром æмæ Бердзенаг паддзахады цивилизаци нæ ныууагътой, — ахæм былысчъилтæ фæкæнынц æрыгæттæ.




Бæгуыдæр нын ныууагътой: нæ диссаджы зæллангæнаг мадæлон æвзаг, нæ табуйаг рæсугъд æгъдæуттæ! Уыдон уæм хæзнатæ нæ кæсынц? Кæд уæ фæнды базонын, уæд сæ фарн, сæ кад бахъахъхъæнын комкоммæ сымах хæс у. Мæ ныхас æрвитын кæстæр фæлтæрмæ, йæ кары бацæуынвæнд кæмæ ис, уыдонмæ.

Цы нын нæ фаг кæны ацы фарстаты? Нæ фæлмæн æвзагыл афтæ рæсугъд радзурæн ис, æмæ дæ æваст хъуыдыты, æнкъарæнты баппардзæн. Не 'гъдæуттæ æрбацæуæг адæмы дисы æфтауынц, махæн та нæ цард амонынц, уымæн æмæ нæ бындур сты. Æнæ æвзаг, æнæ æгъдауæй мах цæй адæм стæм?!

Газет "Рæстдзинад" тынг зæрдиагæй архайы не 'взаджы, не 'гъдæутты хъысмæтыл. Йæ раздæры редактор Хозиты Барис, йæ хæдивæг Бутаты Эльзæ æмбаргæйæ фыссынц, сæ цæрæнбон бирæ уæд. Æргом ныхас рахæссынц нæ размæ, бузныг сын уый тыххæй.

Зæгъын мæ фæнды газеты тиражы тыххæй дæр. Ныллæгæй-ныллæгдæр кæй кæны, ууыл мæ зæрдæ риссы. Афтæ зæгъæн ис, æмæ пенсиисджыты бар баззад, уæлдæр бадæг разамонджытæй йæ ничи фыссы, уый сæ хъуыдыйы дæр нæй. Афтæмæй та, газет чи нæ фыссы, уыдонæн уайдзæф бакæнын уыцы разамонджытæм хауы. Куыдфæндыйы цæстæй кæсынц "Рæстдзинад"-ы хъысмæтмæ, хъуамæ сæхиуыл æрхудой, аивой сæ ахаст газетмæ.

Мæ хъуыдымæ гæсгæ, "Рæстдзинад" у зонды суадон. Йæ номыр ын куы райсын, куы йæ бакæсын, уæд мæ зæрдæ цинæй байдзаг вæййы. Алцыдæр дзы ссарæн ис: нæ фæсивæды сгуыхтытæ, ерысты уæлахиздзаутæ, æндæр æхсызгон хабæрттæ. Уæдæ нæ фæсивæд Украинæйы æххæст кæнынц сæрмагонд æфсæддон операци, сæ хъæбатырдзинад, се сгуыхтытæ, сæ лæгдзинады тыххæй фæкæсын æрмæджытæ.

Хистæртæ æмæ кæстæрты 'хсæн бастдзинæдтæ хъуамæ фидардæр уой, æмбарын кæнын хъæуы æрыгæттæн "Рæстдзинад"-ы ахадындзинад, йæ нысантæ, мадæлон æвзаджы хъомыс, не 'гъдæутты уæз. Уæд кæд уавæр аивид, мæ зæрдæ дарын хорзæрдæм ивддзинæдтыл.

**ТУЛОЙТЫ-КОКОЙТЫ**
**Фатимæ,**
**Алагиры цæрæг,**
**пенсиисæг**

## Залы комулæфт банкъарын

*Алчи Дзæуджыхъæуы нæ цæры, йе 'ппæт хорздзинæдтæй адæймагæн йæ бон нæ вæййы спайда кæнын. Хорз ма хъуыды кæнын: раздæр ирон театры хуыцаубоны боныгон æвдыстой сæ спектакльтæ, концерт фенынмæ дæр уыд æрбацæуæн. Йæ райдайæн-иу уæд, зæгъæм, 17-18 сахатыл, афойнадылиу фæцис, æмæ дæ бон уыд хæдзармæ, Беслæнмæ, ацæуын.*



*Ныртæккæ районты цæрджытæ цавæрдæр къуындæджы бахаудысты, ома, культурон æгъдауæй. Районтæм дæр æрласынц спектакльтæ, концерттæ, фæлæ адæймаджы фæфæнды театры, филармонийы залы комулæфт банкъарын.*

*Алы хатт таксийыл цæуын адæймаджы къух нæ амоны, изæрыгон, 21 сахатыл, та автобустæ нал фæцæуынц.*

**ДЗУГАТЫ Верæ,**
**Беслæны цæрæг**

## Сæйрагдæр — сыгъдæг ран цæрын

**Æрæджы газеты бакастæн, Дзæуджыхъæуы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы хицау Парламенты æмбырды куыд раныхас кодта, уый тыххæй. Милдзыхы-фырты ныхасмæ гæсгæ, йæ мæт у хуымæтæг адæмы фарныл. Алцыдæр, дам, схорз кæндзыстæм.**

Нæ разамынд æмхуызонæй нæ фарныл мæт кæнынц, фадæттæ нын аразынц, фæлæ уæддæр уавæр уыйас дзæбæх нæма у. Райсæм-ма транспорты фарста. Уартæ фыдæлтæй райдай, кæд æмæ кæд бавнæлдтой йæ реформæмæ! Мидцоппай кæнынц, æндæр цы? Фарста хъуамæ уайтагъд боны фæткæй ахиза. Махæн та æппынæдзухы тыхстдзинад у.



"Рæстдзинад" ма фыста сахары сыгъдæгдзинады тыххæй дæр. Цымæ, Дзæуджыхъæуы алы рæтты бырæтты кæритæ кæй ис, уый кæмæ хауы? Чи хъуамæ бацамона "ЭРА"-йы куыстуатæн, мæнæ ам, уæртæ уым, дæлæ фалдæр бырæттæ, æмæ сæ бафснайут? Аласут сæ! Уыдон дæр, æвæццæгæн, ахæм амынддзинæдтыл бацин кæндзысты.

Æрæджы нæм байгом ихын галуан "Тагбан". Цымæ, уырдæм цæугæйæ, нæ хицауадæн сæ цæст бырæттыл не 'рхæцыд, комкоммæ — артаг æвгæнæн раздæры станцæйы алыварс? Æви ихын галуанмæ дæр хæдтæхджытыл батахтысты? Æрмæст раппæлыдысты, мæнæ, дам, нæм цас каддæжын уазджытæ ссыд, æмæ сæ ранымадтой.

Уыцы уазджытæ ахæм галуантæ æмæ ахæм бырæтты кæритæ бирæ федтой, фæлæ уæддæр зæрдæйæн хъыг у. Сæйрагдæр — æнæ бырæттæй, сыгъдæг ран цæрын...

**СИХЪОТЫ Милуся,**
**дзæуджыхъæуккаг, пенсиисæг**

**Спортивон фидиуæг**



## Хъæбысхæст

# Сбæрæг кодтой хуыздæр богæлтты

**Дзæуджыхъæуы сбæрæг сты уæгъдибар хъæбысхæстæй Уæрæсейы тыхджындæр æрыгон богæлттæ.**

Æртæ боны дæргъы Уæрæсейы 60 регионæй Ирыстонмæ ссæуæг 550 æрыгон (16 азы онг) богалы тох кодтой нæ бæстæйы фыццаг бынат рамбулыныл.

Ерыстæ рауадысты тынг цымыдисаг. Ирыстоны фæсивæдæй ерысты цы 35 лæппуйы хæцыд, уыдонæн бантыст иу сыгъзæрин æмæ дыууæ бронзæ майданы рамбулын. Сыгъзæрин майданæй хорзæхджынгонд ссис тренер **Санаты Георгийы** хъомылгæнинаг **Туаты Феликс**. Уый иттæг сæрæн хæст ракодта æппæты рогдæр (35 кг онг) уæзы, фæуæлахиз йæ фондз ныхмæлæууæгыл æмæ бацахста 1-аг бынат.

Фыццаг бынат бацахсынмæ тырныдтой **Гергиты Тимур** (48 кг) æмæ **Тедеты Алан** (75 кг) дæр, фæлæ сæ дыууæ дæр фæкъуыхцы сты æрдæгкæронбæттæны, æмæ ма сын бантыст 3-аг бынæттæ рамбулын.

Командæты 'хсæн ирыстойнæгтæ æрлæууыдысты 6-æм бынаты. Сæ разæй фесты: Дагестан (13 майданы), Мæскуы (6 майданы), Кæсæг-Балхъары Республикæ (6 майданы), Цæцæны Республикæ (6 майданы), Краснодары край (3 майданы), РЦИ-Алани (3 майданы).

Ахæм бæрæггæнæнтæ Ирыстоны богæлттæн сты мæгуырау. Афтæ нымайынц нæ зындгонд спорты ветерантæ. Олимпиаг хъæзтыты дыууæ хатты уæлахиздзау, дунейы æхсæз хатты чемпион, абон та Уæрæсейы хъæбысхæсты федерацийы вице-президент **Фадзайты Арсен** зæгъы: "Ирыстонæн худинаг у, нæ богæлттæ цалдæр кары ацы фæстаг азты цы бæрæггæнæнтæ æвдисынц, уый. Ныртæккæйы уавæр æнæ ракæ-бакæйæ хъæуы сраст кæнын. Радзур-бадзурты бæсты хъæуы хъуыддагæй бавналын, науæд, нæ таурæгъон хистæртæ махæн цы стыр кады аккаг бынтæ ныууагътой, уыдон куыдфæстæмæ рохуаты баззайдзысты. Æз мæхæдæг мæхицæн хæсыл нымайын, ацы хъуыддаджы мæ бон цы у, уымæй бацархайын, æмæ сфæнд кодтон ме 'мбæлттимæ хъæбысхæсты клуб "Алантæ" фæстæмæ сног кæнын. Дыууæ къуырийы фæстæ клубы куыст хъуамæ райдайа бындуронæй. Мах цы 'взонг лæппуты равзардзыстæм, уыдонæн арæзт æрцæудзысты æппæт уавæртæ дæр".

Олимпиаг хъæзтыты уæлахиздзау, дунейы фондз хатты чемпион, абон та Уæрæсейы иугонд командæйы сæйраг тренер **Гуæцæлты Хадзымурат** зæгъы: "Комкоммæ йæ зæгъын хъæуы, абон нæ республикæйы уæгъдибар хъæбысхæсты уавæр тынг кæй фæцудыдта æмæ йæ сраст кæнынмæ æвæстиатæй бавналын кæй хъæуы, уый. Ацы хъуыддаг у иумæйагæй аразинаг, æмæ хъуамæ æмгуыппæй бавналæм йе сраст кæнынмæ. Комкоммæ æрдзурын хъæуы нæ рæдыдтытыл, æрмæстдæр афтæмæй ис рæствæндаг фæуын".

Куыд уынæм, афтæмæй нæ хъæбысхæсты спорты уавæр сæ хæрзтæй нал у, æмæ йе "сдзæбæх" кæныныл раргъæв-баргъæв кæнынæн рæстæг нал ис.

Æрыгон богæлтты ерысты Уæрæсейы 1-аг бынæттæ бацахстой: 35 кг — Туаты Феликс (РЦИ-Алани), 38 кг — **Тембулат Бакаев** (Кæсæг-Балхъары Республикæ), 41 кг — **Мустафа Берсануков** (Цæцæны Республикæ), 44 кг — **Сергей Кармрян** (Краснодары край), 48 кг — **Магомед Галимов** (Мæскуы), 52 кг — **Ахмед Гаджиев** (Дагестан), 57 кг — **Магомед Ибрагимов** (Мæскуы), 62 кг — **Ярослав Колода** (Краснодары край), 68 кг — **Кантемир Эльмесов** (Кæсæг-Балхъары Республикæ), 75 кг — **Шамил Абакаров** (Мæскуы), 85 кг — **Магомедрасул Газимагомедов** (Дагестан), 100 кг — **Данзан Тюрбейев** (Бурятты Республикæ).

**БАСКАТЫ Уырызмæг**




**Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ**

# Бинонты цардвæндаг

**Хъæуы цард цы у, уымæй — зæххы куыст, æппынæдзух — архайд, фыдæбæттæ. Афтæ уыд Заманхъулы дæр, йæ цæрджытæ æнувыд уыдысты зæххыл. Уымæй сæхи дардтой. Архайдтой сæ цотæн ахуырмæ фæндаг раттыныл, сæ афоныл сын хъуыддаг бакæнын нымадтой стыр хæсыл.**

Къуыбыры сых кæй хуыдтой, уым уыцы рæстæг æрцард Дзиуаты Псийы фырт Габат дæр. Йæ сыхаг уыд Хъуысаты Гина. Кæрæдзимæ фæкастысты, æмæ Габаты къухы бафтыд хæдзар саразын. Йæ хорз сыхаг Гина-иу ын дзырдта, ис дын дзæбæх хæдзар, уæрæх цæхæрадон, дыргъ бæлæстæ. Дæ бон ныр хъуыддаг бакæнын у. Габат дæр байхъуыста уынаффæмæ æмæ йæ минæвæрттæ барвыста Емаусы Козаты Иласы чызг Лезамæ.

Цыбыр дзырдæй, хъуыддаг бантыст, æмæ Леза амондджын къах æрбавæрдта заманхъуйлаг Дзиуатæм. Цард сæм мидбылты худт, чындзæхсæвы арфæтæ сыл цæуын райдыдтой. Леза разынд уæздан, æгъдауджын, æнæхъæн сыхбæстæ дзы разы уыдысты. Сæ уарзон сыхаг, Гинайы загъдау, æз кæй уарзын, уыдонмæ ахæм чындз æрцæуæд. Бинонтыл æфтыд, дзæбæх, суинаг цот сын рантыст.

Адæймагмæ кæцæй цы кæсы, хъысмæт ын цы цæттæ кæны, уый нæ зоны. Габат, хъæдгуыст кæнгæйæ, йæ къух ныццавта. Афтæ рауад, æмæ йæ бахъуыд алыг кæнын. Цардбæллон нæлгоймаг ссис дыккаг къорды инвалид, фæлæ йæхимæ нæ ныхъхъуыста, иу къухæй дæр арæхстис куыстмæ. Йæ бинонты цард арæзта. Йæ цардæмбалимæ дунейы рухсмæ рауагътой бафæзминаг цот, авд фырты æмæ фондз чызджы.

Адæймаг цардмæ фæбæллы, фæлæ йын хъысмæт йæ фæндтæ аскъуыны, Габат дæр æваст цардæй ахицæн. Уый уыдис 1945 азы. Дыууадæс сывæллоны баззадысты сæ мад Лезаимæ. Сылгоймаг йæ рыст æмбæхста, фæлæ йæ бамбæрста — кæуынæй ницы сараздзынæ. Йæ цоты йæ алыварс æрбамбырд кодта, бавнæлдта, фыдæбон кæнгæйæ, йæ хъæбулты хæссынмæ. Фæндыд æй, цæмæй рахизой царды рæсугъд фæндагмæ, размæ рацæуой. Бон-сауизæрмæ куыста цæхæрадоны, уый фæстæ та æмбисæхсæвмæ кодта йæ цоты хъуыддæгтæ, хæдзары зилæнтæ. Уæдмæ та йыл æрцыд æндæр æвирхъау цау, йæ фырт Хадзымæт æрбамард. Леза та ногæй йæ уæлæ скодта саутæ.



Иуафон æм хъæусоветæй фæдзырдтой, фæлæ нæ бацыд, саударæг уырдæм куыд хъуамæ бацæуа, зæгъгæ. Хъæусоветы кусджытæ Лезамæ æрбацыдысты хæдзармæ æмæ йын раттой ахсджиаг хæрзиуæг — мадхъæбатыр. Леза йæ цоты схъомыл кодта, царды хæрзтыл сæ сахуыр кодта, ирон æгъдау цы у, уый сын бамбарын кодта. Кæстæртæ рауадысты сæ мад æмæ фыды хуызæн куыстуарзаг, уæздан, æгъдауыл хæст. Сæ мады фæдзæхст алы ран дæр æххæст кодтой, цард æгъдауæй кæй фидауы, уый хорз æмбæрстой.

Зæнæджы хистæр — Хадзырæт, Заманхъулы скъола æнтыстджынæй каст фæцис, уый фæстæ — Грознайы хæстон училищæ. Бæргæ йæ фæндыд, цæмæй йæ йæ ныййарæг, 'фсымæртæ, хотæ феной афицеры цæхæркалгæ уæлæдарæсы. Фæлæ райдыдта Фыдыбæстæйы Стыр хæст, æмæ Хадзырæт дæр уым бацарæфтыд. Лезайы дыккаг хъæбул Хадизæт Мæскуыйы райста хуыйæджы дæсныйад. Бирæ азты куыста Беслæны хуыйджыты цехы. Схъомыл кодта чызг æмæ лæппу.

Махарбег баст уыд зæххы куыстимæ, зылдис фосмæ æхсыры фермæйы. Æхсарбег æфсадæй куы ссыд, уæд дæргъвæтин рæстæг фæкуыста æрзæткъахæнты. Сæ дыууæйæн дæр ис дзæбæх бинонтæ, сæхæдæг ацы цардæй ахицæн сты. Азаухан æмæ Ладимæ фæфыдæбон кодтой æхсæнадон хæлцады æмæ цъындауæфæн фабрикæйы. Систы бирæ кады гæххæттыты хицæуттæ.

Мæирбег æфсады фæстæ куыста шофырæй, Беслæны электрон хызты хæдзарады дæргъвæтин азты дæргъы бакуыста. Чермен æмæ Дауырбег райстой æфсæнвæндаджы къабазы кусæджы дæсныйад. Сæ алкæмæн дæр бантыст рæсугъд бинонтæ скæнын. Сæ мад Леза куы амард, уæд йæ цуры лæууыдысты йæ цот, уыдоны кæстæртæ. Скодтой йын стыр кад. Сæ мады фæстæ ацыдысты се 'цæг дунемæ. Сæ фæстæ чи баззад, уыдон сты арфæйы аккаг.

Дзиуаты Габаты хъæбултæй ма цæрынц Варычкæ æмæ Зинæ, къамы сæ уынут. Варычкæ у Кæрдзыны Богазты чындз, схъомыл кодта æртæ фырты. Æгъдауæй, æфсармæй æххæст, кæм кæд балæууын хъæуы, уый чи æмбары, ахæм кæстæртæ. Зинæ у Милдзыхты чындз, цæры Дзæуджыхъæуы. Арæх æрцæуы Заманхъулмæ, бабæрæг кæны йæ фыды уæзæг, йе 'фсымæр Махарбеджы кæстæрты. Ахæм рауад Дзиуаты Габат æмæ Лезайы, сæ дыууадæс хъæбулы, уыдоны кæстæрты цардвæндаг.

**БОГАЗТЫ Арсæмæг,
Ирыстоны кадджын ветеран**

# Арфæ
# Къорнаты Тотрадзы фырт Арсенæн



***Абон нæ зынаргъ хæлар, Дзæуджыхъæуы ахуырады управленийы разамонæджы хæдивæг Къорнаты Арсенæн у йæ райгуырæн бон. Уый фæдыл ын зæрдиаг арфæтæ кæнæм. Нæ зæрдæ йын зæгъы æнæниздзинад æмæ бирæ азты цæрæнбон.***

***Къорнайы-фырт рагæй кæны æхсæнадон куыст дæр. Сæрмагонд æфсæддон операцийы бынатмæ цалдæр хатты ныххæццæ кодта гуманитарон æххуыс.***

***Республикæйы Хицауад Къорнаты Арсены схорзæхджын кодта "Ирыстоны Намысæн"-ы майданæй. Æнæниз, амондджын æмæ нын арфæйагæй фæцæр, чи дæ уарзы æмæ кæй уарзыс, уыдоны фæндиаг!***

***Уастырджи де 'мбал!***

***Дзæуджыхъæуы скъолаты директорты къорд***

**Конкурс**

# Не 'мзæххон фæуæлахиз

**Æрæджы Цæгат Ирыстоны Æхсæнадон палатæйы арæзт æмбырды рæстæг фæндагыл æдасæй цæуыны фæдыл æппæтуæрæсеон конкурс "Правила дорожные соблюдать положено" уæлахиздзауæн кадджын уагæй хæрзиуæг раттой.**

Фæндагыл цыды фæтк æнæмæнг æххæстгæнинаг кæй у, ууыл ныхас цыд нæ бæстæйы алыхуызон регионтæй жюримæ бафтæг 7 мин сфæлдыстадон куысты. Цыппар номинацийы раззаг бынæттæ бацахсæг адæймæгтæ бæлвырдгонд æрцыдысты. Уæлахиздзауты 'хсæн ис Цæгат Ирыстоны минæвар. Номинаци "Ныв"-ы фыццаг бынат саккаг кодтой Дзæуджыхъæуы Хъæбæлоты Билары номыл Сывæллæтты сфæлдыстады республикон галуаны фарастаздзыд хъомылгæнинаг **Цоциты Дианæйæн**.

Цæгат Ирыстоны Мидхъуыддæгты министрады автоинспекцийы управленийы разамонæг, пъæлицæйы булкъон **Моурауты Таймураз,** республикæйы Æхсæнадон палатæйы сæрдар **Нинæ Чиплакова** æмæ æнæхххæст бæрнондзинады æхсæнад "Хæдтулгæскъæрджыты æппæтуæрæсеон æхсæнад"-ы регионалон хайады разамонæг **Гокъоты Алан** æппæтуæрæсеон конкурсы уæлахиздзауæн раарфæ кодтой æмæ йын хæрзиуæг радтой.



— Адæймаг фæндагыл цыды фæтк цæмæй бинонæг æххæст кæна, ууыл æй сабибонтæй фæстæмæ ахуыр кæнын æмбæлы. Не 'взонг уæлахиздзау чызгæн зæрдиаг арфæ кæнын, — загъта Моурауы-фырт.

Конкурсæн фадæттæ саразтой æнæхххæст бæрнондзинады æхсæнад "Хæдтулгæскъæрджыты æппæтуæрæсеон æхсæнад", газет "Добрая Дорога Детства", стæй Уæрæсейы Мидхъуыддæгтæ æмæ Рухсады министрадтæ.

**РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты
министрады пресс-службæ**

**Номарæн**

# Тæхудиаг, чи ма у йæ мадæй буц

Зын æмæ вазыгджын сты ныййарæджы хæстæ. Бирæ хорздзинæдтæ балæвар кæнын æй фæфæнды йæ кæстæртæн. Йе 'гъдау æмæ ирон фарн бæрзонд чи хаста, ахæм сылгоймæгты æмрæнхъ лæууыд красногойраг Дзусты-Мæрзойты Эммæ. Æвæдза, куыд зын у ивгъуыд рæстæджы дзурын, цард нын чи ратта, йæ рæвдыд — æвидигæ, йæ уарзт — æнæкæрон, адæмы 'хсæн — нымад, йæ цот æмæ уыдоны хъæбултæн — амонды мæсыг чи уыд, уыцы фæлмæнтæдзураг Эммæйы тыххæй. Зæххыл æнæмæлгæ дуне нæй, фæлæ, адæм сæ мысинæгты дæ хорзы кой куы кæной, дæ фæстæ фарн куы ныууадзай, уæд уый амондджын мард фæхонынц, уыцы адæймаг зæххыл дзæгъæлы нæ фæцард. Бирæ хорз миниуджытæй хайджын уыд Эммæ, уыдонæй сæйрагдæр — рухс зæрдæ æмæ сыгъзæрин къухты хицау. Æнæзивæг уыд алцæмæ дæр, райсомæй боныцъæхыл-иу йæ хæдзары куыстытæ акодта, йæ сывæллæтты ахуырмæ арæвдз кодта æмæ-иу атагъд кодта хъæууон скъоламæ, сабитæн хæрзад æмæ хæрзхъæд хæринаг кæнынмæ. Æмæ афтæ бирæ азты... Уазæгуарзаг сыхаг, йæ цæхх æмæ къæбæр сыгъдæгзæрдæйæ лæвæрдта алкæмæн дæр. Ахæм хæдзар нæй хъæубæсты, сæ цин кæнæ сæ хъыджы кæмæн нæ балæггад кодта. Фæллойы ветеран куыста Алагиры радиозаводы, Бæрæгъуыны совхозы быдырты, уый фæстæ та — скъоладзауты уарзондæр æмæ адджындæр бынат — хæрæндоны. Хæзнаты хæзнайыл Эммæ нымадта адæмы хорз цæстæнгас, йæ бинонты æнгомдзинад, йæ кæстæрты амонд.

Йæ цардæмбал Таймуразимæ схъомыл кодтой цыппар фæзминаг чызджы, ахуыр æмæ фæллойы фæндагыл сæ сæвæрдтой. Ларисæ, Людмилæ, Бэллæ, Маринæ æмæ уыдоны кæстæртæ бæрзонд хæссынц сæ хистæрты фарн, уый сын сæ царды алы фæзилæны дæр зондамонæг у. Бирæ зындзинæдтæ федта Мæрзойон царды, ныббыхсыдта сын, уæдæ, цы гæнæн уыд.

Эммæ цæрæнбонты тырныдта хорздзинад кæнынмæ, адæмæн удæнцойад хæссынмæ æмæ, кæддæр цы бæр-



кадхæссæг "нæмгуытæ" байтыдта, уыдоны тыллæгæй йæ гонтæ дзаг уыдысты. Азтæ йыл куы рацыд, уæддæр æнæнцой уыд. Йæ хæрзад æмæ дзадджын уæливыхтæ ма йын бирæ мысдзысты йæ цот, хъæбулы хъæбултæ æмæ уыдоны кæстæртæ. Сæ куырыхон хистæры арфхъуыдыджын фæдзæхстытæ никуы ферох кæндзысты: "Цы зонут, мæ хуртæ, уый адæмæн ма бавгъау кæнут, уæ бон цæмæй у, уымæй баххуыс кæнут, уæ хорздзинадыл макуы фæфæсмон кæнут, уæ ном, уæ кад хъахъхъæнут!"

Тынг буц æмæ рæвдыдæй æрвыста бинонты æвæллайгæ, сойарм хистæр йæ царды бонтæ, йæ кæстæрты хорздзинæдтæй йæ зæрдæ рухс кодта. Буц та ма куыд вæййы, дæ æстай азы юбилеймæ дын дæ кæстæртæ дæ номыл арфæйы зарæг куы балæвар кæной, уæд. Диссаджы фæлмæн ныхæстæ ныффыста Хабæты Риммæ. Йæ уарзон зарæггæнæг Уалыты Альберт ын кæй азарыд, уый та йын уыд уæлдай æхсызгондæр.

Куыд иннæ азты, афтæ та ныр дæр, рæсугъд уардитæй байдзаг йæ уат, фæлæ сыл, раздæрау, хъыгагæн, нал бацин кодта... Дохтырты хуыздæр, хъæугæ хостæ, фæлмæн узæлд — ницы æвгъау кодтой мадæн. Иу рынчындонæй иннæ рынчындонмæ йæ скъæфтой стыр ныфсытимæ, уæдæ мамæ адзæбæх уыдзæн, махæн ахæм зындзинад скæнын йæ зæрдæ нæ бакомдзæн. Нæ, махæн æнæ нæ фæлмæн мадæй нæ хæдзары къултæ ныууазал уыдзысты. Реанимацийы хайады цур, сæ уæрджытыл лæугæйæ, цыппар хъæбулы куывтой уæлæрвтæм, ма нын айс нæ мады, баххуыс нын кæн, зæгъгæ.

Иууылдæр йæ цуры сты, уый куы федта, уæд ахицæн цардæй, йæ рухс дуне йыл баталынг. Цæй зын у мады цæстытыл æрхæцын... Саузæрдæ разынд удхæссæг, айста сын сæ рæвдауæг, уарзон мады. Ныр ын йæ рухс цæсгомы бæсты йæ хуызистмæ кæсынц.

Йæ фæстаг бон цы бирæ мæрддзыгой дзыллæтæ фæхъыг кодтой, уый æвдисæн у, Эммæ куыд хорз адæймаг уыд, куыд арæхст цæрынмæ, цы рæсугъд фæд ныууагъта а зæххыл, уымæн. Никуы уыдзæн рох йæ ном мыггагæй, хæстæджытæй, сыхбæстæй. Куыд рæсугъд, фæлмæн æмæ хæларзæрдæйæ йæ зыдтой, уыцы хуызы баззайдзæн сæ зæрдæты.

**Бинонтæ**

**Дзусты бинонтæ бузныг зæгъынц хиуæттæн, сыхбæстæн, хъæубæстæн, сæ зыны сахат, Дзусты Эммæйы зианы бон сæ фарсмæ чи балæууыд, сæ рисæй сын чи айста, уыцы æрцæуæг адæмæн, æмæ хъусын кæнынц, йæ афæдзы кæнд кæй уыдзæн сабаты, 9 мартъийы, Бæрæгъуыны, Орджоникидзейы уынджы 28-æм хæдзары.**



**Саулохты бинонтæ бузныг зæгъынц, сæ зыны сахат, Саулохты Федыры фырт Георгийы зианы бон сæ фарсмæ чи балæууыд, сæ рисæй сын чи айста, уыцы æрцæуæг дзыллæйæн, æмæ хъусын кæнынц, йæ дыууиссæдзæм боны кæнд кæй уыдзæн цыппæрæмы, 7 мартъийы, Дзæуджыхъæуы, Гастеллойы уынджы 140-æм хæдзары.**

Номыры радхæссæг редактор — **Касаты Батрадз.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
**Дизайн:** 1-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
2-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
**Корректортæ:** 1-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
2-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
3-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**
Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ — 25-93-68.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Сæрмагонд уацхæссæг: **Гасанты Валери — 25-91-92.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Мамиаты Лолитæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:
362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3242.
Заказ № 232.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru**